NOUVO LAVI

ESPERE POU KRIMINÈL YO

GEN KAT VERITE KE NOU BEZWEN KONPRANN:

1 BONDYE RENMENW.

BONDYE VLE OU GEN LAVI ETÈNÈL AVÈ L 'NAN SYÈL LA.
Paske, Bondye sitèlman renmen lèzòm li bay sèl Pitit li a pou yo. Tout moun ki va mete konfyans yo nan li p'ap pedi lavi yo. Okontrè y'a gen lavi ki p'ap janm fini an. JAN 3:16

BONDYE VLE OU GEN YON LAVI ABONDAN AK SANS.
Lè vòlè a vini, se vòlò li vin vòlò, se touye li vin touye, se detwi li vin detwi, se sa ase li vin fè. Mwen menm, mwen vin pou moun ka gen lavi, epi pou yo genyen l' an kantite. JAN 10:10

SEPANDAN, ANPIL MOUN PA FÈ EKSPERYANS YON LAVI KI GEN SANS EPI YO PA FIN SÈTEN POU LAVI ETÈNÈL PASKE...

2 MAN GEN YON NATI PECHE. PECHE SEPARE NOU DE BONDYE.

TOUT MOUN FÈ PECHE.
Tout moun fè peche; yo tout vire do bay Bondye ki gen pouvwa a. RÒM 3:23
PENALITE POU PECHE SE LANMÒ.
Peche ban nou lanmò;... RÒM 6:23

GEN DE KALITE LANMÒ MANSYONE NAN BIB LA:

• LANMÒ FIZIK
Tout moun gen pou mouri yon sèl fwa, apre sa, Bondye gen pou jije yo. EBRE 9:27

• LANMÒ ESPIRITYÈL OSWA SEPARASYON ETÈNÈL AK BONDYE
Men, pou moun ki lach yo, moun ki pa kenbe pawòl yo, ansasen yo, bann moun deprave yo, moun k'ap fè maji yo, moun k'ap adore zidòl ansanm ak moun k'ap bay manti, plas yo se nan letan dife ak souf k'ap boule a yo ye. Se sa yo rele dezyèm lanmò a. REVELASYON 21:8

SI YON MOUN SEPARE AK BONDYE POUTÈT PECHE L 'YO, KI SOLISYON PWOBLÈM SA A?
NOU SOUVAN PANSE A BAGAY SA YO KÒM SOLISYON:

RELIJYON, BON ZÈV, MORALITE

SEPANDAN, GEN YON SÈL SOLISYON BONDYE BAY LA.

3 JEZIKRI SE SÈL FASON POU SYÈL LA.

SE SA BONDYE TE DI.
Jezi reponn li: Se mwen menm ki chemen an. Se mwen menm ki verite a, se mwen menm ki lavi a. Pesonn pa ka al jwenn Papa a si li pa pase nan mwen. JAN 14:6

JEZIKRI TE PEYE TOUT PENALITE POU PECHE OU YO.
Paske, Kris la menm mouri yon sèl fwa pou peche nou yo, li p'ap janm mouri ankò. Li menm ki t'ap mache dwat devan Bondye, li mouri pou moun ki pa t'ap mache dwat yo, pou l' te ka mennen nou bay Bondye. Li te mouri nan kò l', men ak pouvwa Lespri Bondye a, li leve vivan ankò. 1 PIÈ 3:18

BONDYE GEN PWOMÈS LAVI ETÈNÈL.
Moun ki mete konfyans yo nan Pitit la, yo gen lavi ki p'ap janm fini an. Moun ki desobeyi Pitit la, yo p'ap gen lavi sa a. Se kòlè Bondye k'ap tonbe sou yo. JAN 3:36

SEPANDAN, LI PA ASE JIS POU NOU KONNEN KISA JEZIKRI TE FÈ POU NOU.

4 NOU DWE METE LAFWA NOU NAN SENYÈ JEZIKRI POU DELIVRANS NOU.

BONDYE SOVE NOU ATRAVÈ LAFWA NAN JEZIKRI.
Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa, pesonn pa ka vante tèt yo. EFÈZ 2:8-9

DI BONDYE PRIYÈ SA A AVÈK LAFWA:

SEYÈ JEZI, MÈSI ANPIL POU GWO LANMOU OU GENYEN POU MWEN. MWEN KONFESE MWEN SE YON PECHÈ EPI MWEN MANDE POU PADON. MÈSI PASKE OU MOURI SOU KWA A POU PEYE PENALITE POU PECHE MWEN YO. MWEN KWÈ NAN REZIRÈKSYON OU SOTI VIVAN NAN LANMÒ. DEPI KOULYE A, MWEN METE KONFYANS MWEN NAN SENYÈ MWEN AK SOVÈ MWEN AN. MWEN AKSEPTE KADO OU NAN LAVI ETÈNÈL E MWEN BA OU LAVI MWEN. EDE M OBEYI KÒMANDMAN OU YO. AMEN.

SA KI ANBA LA YO SE REZILTA KONFYANS OU NAN JEZIKRI:

• OU GEN LAVI ETÈNÈL AK BONDYE.
Men sa Papa m' vle: Tout moun ki wè Pitit la, ki kwè nan li, se pou yo gen lavi ki p'ap janm fini an. Mwen gen pou m' fè yo leve soti vivan nan lanmò nan dènye jou a. JAN 6:40

• TOUT PECHE OU YO PADONNEN. (PASE, KOUNYE A, LAVNI)
Li rache nou anba pouvwa fènwa a, li fè nou antre nan peyi kote Pitit li renmen anpil la wa. Se gremesi Pitit sa a nou delivre, nou resevwa padon pou peche nou yo. KOLÒS 1:13–14

• OU SE YON TOUT NOUVO BÈT NAN JE BONDYE.
SA A SE NAN KONMANSMAN AN NAN NOUVO LAVI OU.
Si yon moun ap viv nan Kris la, li vin yon lòt moun. Bagay lontan yo disparèt, se lòt bagay nèf ki pran plas yo koulye a. 2 KORINT 5:17

• KOUNYE A OU SE YON PITIT BONDYE.
Men, sa ki te resevwa l' yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye. JAN 1:12

FÈ BON ZÈV SE PA YON MWAYEN DELIVRANS, MEN SE YON PRÈV DELIVRANS NOU.

Se paske li renmen nou kifè li delivre nou, nou menm ki mete konfyans nou nan li. Sa pa soti nan nou menm menm, se yon kado Bondye ban nou. Non, nou pa fè anyen pou sa. Konsa, pesonn pa ka vante tèt yo. Efèz 2:8-9

Tout feyè gratis jan Bondye bay la. Pa dwe vann.